


Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik Klas 3 Ane

Fraksyon


Chè Fanmi,

Nou ap kòmanse yon nouvo inite etid ki rele *Fraksyon*. Nan inite etid sa nou pral eksplore siyifikasyon fraksyon epi aprann pou reprezante fraksyon kote elèv pral trase yon varyete modèl. Konnen kòman pou reprezante fraksyon egzakteman pral ede nou jwenn fraksyon epi konpare fraksyon. Objektif enstriktif espesifik ke elèv ou pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp kote travay elèv yo montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif yo.


Objektif Enstriktif: Konprann ke yon fraksyon fè pati yon nonb antye e reprezante fraksyon, itilize modèl zòn nan.

Ekzanp pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Si yo separe yon brownie egalego pou kat moun, konbyen chak moun ap jwenn nan brownie an?</p>	<div style="display: flex; align-items: center; justify-content: space-around;"> <div style="text-align: center;"> <p>Nancy →</p>  <p>→ Kelly</p> <p>→ Adam</p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content;"> <p><i>“Mwen trase yon modèl pou montre kòman mwen koupe brownie an kat pati eadl.”</i></p> </div> </div> <p>Chak moun resevwa youn nan 4 pati yo, ebyen chak moun resevwa $\frac{1}{4}$ nan tout brownie an.</p>


Objektif Enstriktif: Konprann fraksyon kòm chif nan yon liy chif epi reprezante yo nan yon liy chif.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Mete fraksyon ki manke yo nan liy chif la.</p>	<div style="display: flex; align-items: center; justify-content: space-around;"> <div style="text-align: center;">  <p>$\frac{1}{4}$ $\frac{2}{4}$ $\frac{3}{4}$</p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content;"> <p><i>“Anpatan, mwen konte pati ki ant nonb antye de 0 rive nan 1. Genyen 4 pati. Answit mwen kòmanse a zewo epi lonmen chak pati rive nan 1.”</i></p> </div> </div>

Objektif Enstriktif: Itilize modèl pou jwenn fraksyon ekivalan epi eksplike panse li.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Trase yon modèl pou montre yon fraksyon ki ekivalan a $\frac{3}{6}$.</p>	<div style="display: flex; align-items: center; justify-content: space-around;"> <div style="text-align: center;"> <p>$\frac{3}{6} = ?$</p>  <p>$\frac{3}{6}$ is equivalent to $\frac{1}{2}$.</p> </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content;"> <p><i>“Mwen te trase yon egzagòn ki montre 3 pati lonm nan 6 pati yo. Mwen wè ke sa se menm ak demi nan egzagòn nan ki nan lonm. Fraksyon ekivalan genyen menm valè.”</i></p> </div> </div>

Objektif Instruktif: Konpare de fraksyon kote ou kapab itilize senbòl $>$, $=$, oswa senbòl $<$ epi eksplike panse.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Konpare $\frac{3}{4}$ ak $\frac{1}{4}$. Kiyès ki pi plis?	 $\frac{3}{4} > \frac{1}{4}$ <p><i>“Mwen te reprezante chak faksyon kote mwen itilize yon modèl zòn. Mwen te chanje 3 pati nan 4 pati egal pou montre $\frac{3}{4}$, epi chanje koulè yon pati nan 4 pati egal pou montre $\frac{1}{4}$. Modèl la montre ke $\frac{3}{4}$ pi plis ke $\frac{1}{4}$.”</i></p>

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstruktif:

Itilize chif ak senbòl pou reprezante sitiyasyon epi konprann rapò chif ak senbòl yo ak sitiyasyon yo.

Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte pitit ou atravè inite etid sa:

Chèche fraksyon chak jou pandan w ap koupe pizza, brownie, sandwich, oswa pataje bonbon.

Poze pitit ou kesyon tankou, “Si genyen 10 bonbon ki ap pataje pou 4 moun, eske w kapab pataje yo egalego? Konbyen chak moun kapab resevwa?” oswa “si ou koupe yon piza antye nan 6 tranch egal epi ou manje 3 tranch, ki fraksyon nan piza ou te manje?”

Prepare manje avèk pitit ou. Si resèt la mande pou yon tas engredyen, chèche wè ki lòt mwayen ou kapab mezire kote ou kapab itilize yon zouti ki pi piti pou mezire tankou $\frac{1}{2} + \frac{1}{4} + \frac{1}{4} =$ yon nonb antye. Tcheke montan an kote ou kapab vide l ankò nan tas la.

Ale nan bibliyotèk epi fè yon koudèy sou liv matematik sayo:

- [Fraction Action](#) by Loreen Leedy
- [Eating Fractions](#) by Bruce McMillan